



Pou Piblikasyon Imedya: 18/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YON SIZYÈM REJYON RANPLI KONDISYON YO POU RE-OUVRI DEMEN

Rejyon Lwès New York rejwenn Rejyon New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse plan re-ouvèti a

Depatman Sante Eta a te bay Sant Medikal Konte Erie a yon egzansyon pou rekòmanse pwosedi elektif yo

Li anonse nouvo efò pou pote plis tès nan etablisman mezon retrèt yo pou ede satisfè nouvo direktiv ki egzije pou yo teste tout anplwaye mezon retrèt yo de fwa pa semèn

Li ankouraje gwo ekip espò yo pou planifye pou re-ouvri san prezans fanatik yo

Konfime 1,250 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 351,371; gen nouvo ka nan 44 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Cuomo te anonse ke apati jodi a, Rejyon Lwès New York satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan plan rejyonal nan kad re-ouvèti eta apati demen, ap rejwenn Rejyon New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley. Kounye a Western New York idantifye ase trasè kontak pou satisfè direktiv eta a yo, epi trasè yo ap resevwa fòmasyon jodi a nan kad preparasyon pou Western New York antre nan premye faz la, ki gen ladan konstriksyon; manifakti ak chèn apwovizyonman an gwo; vant an detay pou ramasaj twotwa ak depo ak ramasaj nan magazen; ak agrikilti, forè ak lapèch. Enstwiksyon pou biznis sou premye faz nan plan re-ouvèti eta a disponib [isit la](#). Yon gid sou Plan "NY Forward Reopening" eta a disponib [isit la](#). Tablodbòd siveyans rejyonal eta a disponib [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Depatman Sante Eta a te bay Sant Medikal Konte Erie a yon egzansyon pou rekòmanse pwosedi elektif yo.

Gouvènè a te anonse tou nouvo efò pou pote plis tès nan etablisman mezon retrèt yo pou ede etablisman sa yo satisfè nouvo direktiv ki egzije pou tout mezon retrèt ak etablisman swen pou granmoun yo teste tout pèsonèl yo pou COVID-19 la de fwa pa semèn. Eta a ap konekte etablisman mezon retrèt yo ak laboratwa yo pou jwenn plis tès nan etablisman sa yo, epi jiska prezan laboratwa yo rezève omwen 35,000 tès pa jou sèlman pou objektif sa a. Eta a ap voye tou 320,000 kit tès nan mezon retrèt yo nan tout eta a nan semèn sa a.

Gouvènè a te ankouraje tou gwo ekip espò yo pou planifye pou re-ouvri san prezans fanatik yo epi li te ofri èd eta a nan kad efò sa a.

"Malgre nou gen pi gwo kantite ka nan peyi a, Nouyòkè yo te reyaji avèk yon gwo inite ak disiplin epi yo fè yon travay fenomenal nan diminye pwopagasyon viris la ak nan plati koub la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a re-ouvri se pi gwo sijè diskisyon nou, epi nou ap pran desizyon sa yo baze sou reyalite yo, syans ak done yo, men nou toujou bezwen Nouyòkè yo pou yo kontinye jwe pati pa yo pou asire chif sa yo pa retounen moute pandan rejyon ak biznis yo re-ouvri."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,250 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 351,371 ka konfime nan Eta New York. Nan total 351,371 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,610	31
Allegany	44	0
Broome	423	9
Cattaraugus	67	2
Cayuga	65	2
Chautauqua	49	1
Chemung	134	0
Chenango	118	1
Clinton	94	2
Columbia	346	6
Cortland	35	1
Delaware	69	0
Dutchess	3,552	9
Erie	4,993	39
Essex	33	0
Franklin	18	0
Fulton	182	11
Genesee	180	0
Greene	213	1
Hamilton	5	0
Herkimer	92	1
Jefferson	71	0
Lewis	17	1
Livingston	110	0
Madison	258	0
Monroe	2,303	45

Montgomery	75	0
Nassau	39,225	89
Niagara	818	26
NYC	193,230	637
Oneida	772	12
Onondaga	1,520	19
Ontario	148	2
Orange	9,965	22
Orleans	167	0
Oswego	84	0
Otsego	67	0
Putnam	1,141	5
Rensselaer	444	5
Rockland	12,777	19
Saratoga	434	6
Schenectady	629	9
Schoharie	48	1
Schuyler	10	1
Seneca	51	0
St. Lawrence	192	0
Steuben	235	1
Suffolk	38,224	107
Sullivan	1,246	15
Tioga	113	0
Tompkins	141	2
Ulster	1,557	5
Warren	234	2
Washington	219	0
Wayne	97	1
Westchester	32,323	99
Wyoming	79	1
Yates	25	2

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)